

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Tradisi nulis di Indonesia leuwih héngkér dibandingkeun jeung tradisi maca di kalangan generasi ngora, ieu hal ditétélakeun ku Kepala Balai Bahasa Bandung, Abdul Khak, 2017. Ieu sawangan dirojong ku hasil panalungtikan ngeunaan literasi anu dilakukeun ku *Central Connecticut State University* (CCSU), hasil panalungtikanna nyaéta nempatkeun Indonesia di peringkat 60 ti 61 nagara dina urusan literasi hususna nulis (Rahman, 2018, kc. 1). Rendahna tingkat literasi di Indonésia, hususna dina minat nulis miboga dampak kana tingkat pendidikan Indonésia (Rahman, 2018, kc. 1).

Ku kituna, kaparigelan nulis perlu dirojongkeun ku cara diajar ngaliwatan pangajaran di sakola. Penting pisan upamana urang bisa nyangking kaparigelan nulis anu alus, ku sabab nulis mangrupa salah sahiji média atawa pakakas pikeun méré atawa narima informasi. Suparno jeung Yunus dina (Dalman, 2016, kc. 6) nétélakeun yén pangajaran kaparigelan nulis perlu pisan ditanemkeun ka siswa ti Sakola Dasar kénéh. Ilaharna aksara latén jadi aksara panganteur dina pangajaran. Ngaliwatan pangajaran nulis, siswa bisa ngakomunikasikeun ide, apresiasi, jeung pangalaman (Canagarajah, 2007) dicutat dina (Rahman, 2017, kc. 2).

Perlu diperhatikeun yén di tatar Sunda miboga aksarana sorangan nya éta Aksara Sunda. (Rahmadani, 2013, kc. 2) ditétélakeun yén perlu diperhatikeun kaayaan Aksara Sunda anu kurang unjuk dina kahirupan masarakat Sunda, anu masarakat Sundana sorangan leuwih apal kana hanacaraka anu asalna ti Jawa, lain Aksara Sunda asli.

Kitu ogé dina pangajaran Aksara Sunda anu kurang dipikawanoh ku murid kelas X di SMAN 15 Bandung. Obervasi ka sakola tgl 22 Februari 2019 meunangkeun hasil, ngan aya 3 ti 32 murid anu bisa nulis Aksara Sunda. Fénoména ieu ngabuktikeun yén kurangna murid kelas X MIPA 7 di SMAN 15 Bandung can wanoh kana Aksara Sunda.

Kegiatan ngajar diajar téh mangrupa hiji sistem, beungkeutan anu gembleng, silih dedel tur silih rojong dina prosés pangajaran, nu ngawengku

tujuan, bahan, media, strategi jeung model pangajaran, sarta evaluasi. Modél pangajaran mangrupa salah sahiji kompetensi anu kudu dikawasa ku sakabéh guru. Lantaran ieu hal mangrupa salah sahiji indikasi anu bakal nangtukeun kana kahontalna tujuan pangajaran (Rahman, 2011, kc. 1). Modél pangajaran dipiharep bisa jadi métode pikeun ngaronjatkeun motivasi, aprésiasi, jeung inovasi dina proses pangajaran sangkan kahéngkéran anu nyampak dina pangajaran bisa dikungkulan.

Modél pangajaran *Take and Give* salah sahiji metode pikeun ngaronjatkeun pangajaran Aksara Sunda di kelas X. Aya sababaraha panalungtikan dina wangun skripsi anu nalungtik ngeunaan éféktifitas modél pangajaran *Take and Give*, kurangna nyangkem materi Aksara Sunda dina pangajaran, jeung sajabana. Sawatara conto skripsi meunang (Bayuliani, 2008) anu judulna “Modél pangajaran *Take and Give* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Kalimah Basa Sunda Siswa Kelas VII SMP” anu medar ngeunaan efektifitas ngagunakeun modél pangajaran *Take and Give* anu dilarapkeun kana materi nulis kalimah basa sunda.

Dina pangajaran jadi hal anu penting pikeun ngamumulé Aksara Sunda. Dina KIKD basa Sunda kurikulum 2013 geus ditangtukeun yén Aksara Sunda jadi materi pikeun pangajaran basa sunda kelas X di sakola. Sangkan matéri eta ka cangkem ku murid, perlu aya strategi jeung modél pangajaran anu cocok pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa kelas X di SMAN 15 Bandung ieu. Modél pangajaran *Take and Give* jadi modél atawa strategi anu dipilih pikeun ngungkulan masalah anu aya dina pangajaran basa sunda kelas X di SMAN 15 Bandung.

Modél pangajaran *Take and Give* dihartikeun silih méré jeung silih narima. Nurutkeun Slavin dina (Shoimin, 2013, kc. 195) nétélakeun yén modél pangajaran *Take and Give* dasarna nyoko kana konstruktivisme atawa pangajaran anu bisa nyieun siswa aktif jeung pangaweruh anu bakal dipiboga ku manéhna. Jadi modél pangajaran *Take and Give* mangrupikeun prosés pangajaran anu matalikeun pangaweruh anyar jeung pangaweruh anu dipiboga ku siswa. Dibarung ku média gambar anu bakal bisa ngaronjatkeun deui sumanget di ajar siswa, ku sabab média gambar dilarapkeun pikeun pangirut diajar siswa sangkan teu ngarasa bosen.

Di antara sababaraha média pangajaran, média gambar nya éta média anu paling umum dipaké, lantaran siswa leuwih resep gambar ti batan tulisan. Média gambar nya éta sakabéh hal anu diwujudkeun sacara visual kana wangun dua diménsi minangka ébréhan atawa pikiran anu wangunna mangrupa-rupa saperti lukisan, potret, slide, film, strip, opaque proyektor (Hamalik, 1994, kc. 95), sedengkeun nurutkeun Sadiman (1996, kc. 29) nétélakeun yén média gambar nya éta média anu paling umum dipaké, anu mangrupikeun bahasan umum nu bisa dipikaharti jeung dinikmati dimana-mana.

Nurutkeun Astuti (2014, p. 2) yén “*media dapat menyampaikan pesan-pesan untuk tujuan pembelajaran karena tujuan media untuk memfasilitasi komunikasi*”. Karakteristik média boh kaonjolan boh kahéngkéran média kudu jadi tinimbang, karék guru/perencanaan pangajaran nangtukeun pilihan ngaran média anu rék dipaké, sarta maké saluyu jeung fungsina (Rahman, 2017a, kc. 12)

Soelarko (1980, kc. 3) nétélakeun yén média gambar mangrupa tiruan ti barang-barang jeung pamandangan dina hal wangun, rupa, sarta ukuranna rélatif kana lingkungan. Jadi anu disebut média gambar nya éta salah sahiji cara nepikeun informasi atawa ébréhan sarta pamikiran dina wangun dua diménsi minangka wangun bungkeuleukanna. Anu perlu diperhatikeun ogé yén teu sakabéh jalma mampuh nerjemahkeun maksud anu aya dina éta gambar, lantaran maksud anu aya dina gambar miboga sipat umum tur lega pikeun dicangking maksud jeung tujuanna. Ku kituna, kudu ditilik deui kalayan sosen-sosen maksud naon anu nyalindung dina gambar anu baris ku urang rék diterjemahkeun.

Panalungtikan anu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta panalugtikan anu dilakukeun anu dilakukeun ku Tamyiz jeung Umam nu medar ngeunaan rarancang aplikasi pikeun ngawanohkeun Aksara Sunda berbasis *Mobile*. Hasil dina éta panalungtikan nétélakeun yén ngawanohkeun Aksara Sunda bisa dibarengan ku kamajuan teknologi ku cara, ngawanohkeun Aksara Sunda berbasis *Smartphone*, jeung ngirut kana aplikasi ngawanohkeun huruf ku cara désain grafis anu matak ngirut. Lian ti éta aya ogé panalungtikan anu dilaksanakeun ku (Meda, 2017) ngeunaan pangaruh modél pangajaran *Take and Give* pikeun hasil diajar di kelas X. Dina éta panalungtikan nétélakeun yén modél pangajaran *Take and Give*

miboga pangaruh positif jeung signifikan pikeun hasil diajar di kelas X IPS SMA Negeri 1 Pesisir Selatan taun ajaran 2016/2017.

Sasaruaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilakukeun ku Listya Bayuliani nyaéta sarua medar ngeunaan kumaha éféktifitas modél pangajaran *Take and Give* pikeun jadi metode dina nepikeun informasi atawa matéri anu baris dibikeun ka siswa. Tapi aya bédana tina panalungtikan anu dilakukeun ku Listya Bayuliani téh nyaéta dina segi objék panalungtikan, Listya Bayuliani nepikeun matéri ngeunaan cara nulis kalimah basa sunda. Sedengkeun ieu panalungtikan ngagunakeun objék Aksara Sunda pikeun matéri anu baris ditepikeun ka siswa nilik kana urgensi jeung kasus pamahaman siswa kana Aksara Sunda éta sorangan.

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun ékspérimen ngeunaan modél pangajaran anu éféktif tur didasaran ku média gambar pikeun ngaronjatkeun prosés diajar siswa, saluyu jeung kasus anu nyampak dina pangajaranna. Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina mekarkeun métodeu jeung strategi pangajaran pikeun ngungkulan masalah-masalah akademis. Sabab éfék salahna milih modél pangajaran jeung média anu teu saluyu ngabalukarkeun matéri anu baris didadarkeun ka siswa jadi teu éféktif jeung éfisién. Ku kituna, perlu aya panalungtikan kalayan judul “Modél Pangajaran *Take and Give* Berbasis Gambar dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X MIPA 7 SMAN 15 Bandung Taun Ajaran 2019/2020)

## **1.2 Idéntifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kasang tukang di luhur, hal anu ditalungtik ngawengku kamampuh nulis Aksara Sunda saméméh jeung sabada maké modél pangajaran *Take and Give*. Aya sababaraha masalah anu nyampak dina ieu panalungtikan nyaéta,

- a. Kamampuh siswa anu masih kénéh asor dina pangajaran Aksara Sunda;
- b. Modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar tacan kungsi dipaké dina matéri Aksara Sunda;
- c. Modél pangajaran anu dipaké éta sakola kurang ngirut pikeun siswa, anu antukna ngurangan karep dina diajar Aksara Sunda, tur mangaruhan kana kahontalna tujuan pangajaran nu dipiharep.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana éta hal, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis Aksara Sunda siswa kelas X SMAN 15 Bandung saméméh maké modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar?
- b. Kumaha kamampuh nulis Aksara Sunda siswa kelas X SMAN 15 Bandung saenggeus maké modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar?
- c. Naha aya béda signifikan antara saméméh jeung sabada maké modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah anu dipidangkeun. Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji cocog henteuna modél *Take and Give* berbasis gambar dina pangajaran nulis aksara sunda.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana masalah anu dirumuskeun di luhur, sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadeskripsikeun :

- a. kamampuh siswa kelas X SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2019/2020 saméméh maké modél *Take and Give* berbasis gambar dina nulis Aksara Sunda;
- b. kamampuh siswa kelas X SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2019/2020 sabada maké modél *Take and Give* berbasis gambar dina nulis Aksara Sunda; sarta
- c. béda anu signifikan antara saméméh jeung sabada maké modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar.

### 1.4 Manfaat Panalungtikan

#### 1.4.1 Manfaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun mekarkeun élmu pangaweruh, salaku bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan kahareupna, hususna ngeunaan modél *Take and Give* berbasis gambar dina pangajaran nulis aksara sunda.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

- a. pikeun guru, bisa dijadikeun salaku hiji strategi pikeun nyiptakeun siswa nu aktif jeung dipikaresep tur kréatif.
- b. pikeun siswa, bisa kairut jeung ngamekarkeun motivasi kaaktifan sarta bakal ngaronjatkeun hasil diajar hususna diajar nulis aksara sunda.
- c. pikeun nu nalungtik, bisa dijadikeun motivasi sangkan mampu nyiptakeun, ngararancang sarta ngamangpaatkeun modél pangajaran nu aya salaku alat pikeun mekarkeun pola pangaweruh, pamahaman, sarta ngarahkeun siswa kana bahan ajar anu pikaresepeun.

### 1.5 Raraga tulisan

Dina ieu skripsi disusun jadi lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I bubuka ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah, jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II ngawengku ulikan tiori, ngawengku ulikan panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis anu ngawengku ngeunaan modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar, Aksara Sunda jeung sagala matéri bahan pangajaran.

Bab III Méthode panalungtikan, anu eusina nya éta desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, anu eusina mangrupa hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar dina pangajaran nulis Aksara Sunda siswa kelas X MIPA 7 SMAN 15 Bandung Taun Ajaran 2019/2020.

Bab V Kacindekan jeung saran, anu eusina ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan jeung saran pikeun ka hareupna.